ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№90 (22.998) • 2015 гъэм накъыгъэм (майм) и 15, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Дагъыстэнымрэ я мэкъумэшыщІэхэр зэдэлэжьэну зэгурыІуащ

КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Дадэ МуІэед иджыблагъэ хуэзащ Дагъыстэн Республикэм и вице-премьер Шарипов Шарип. Аэр тепсэлъыхьащ республикитІым я агропромышленнэ комплексым зегъэужьыным пщыІэ Іуэхуэм, лъэныкъуитІыр зэдэлэжьэнымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Гулъытэ хэха хуащІащ жыг хадзэкІэ гъэкІыным, а Іэнатіэм иджырей технологиехэр къыщыгъэсэбэныным.

ИУЖЬКІЭ хьэщІэхэр Шэджэм муниципальнэ районым щыІэ «Пхъэщхьэмыщхь-Трейд» жэуап зэхэгъэщхьэхуКІа зыхь зэгучьэныгъэм яшащ. Мы хозяйствэм пхъэщхьэмыщхьэ къызэригъэКІым и мызакъуэу, а продукцэр эман кІыхьКІэ хьумэныр зэтригъэуащ.

Предприятэм и лэжьэкІэм и щыгъуазэ зиІІа нэужь, Шарипов Шарип жиІащ: «Дагъыстэным 2015 гъэр Пхъэщхьэмыщхьэ хадзкэр гъэкІыным и илъэсу щагъэуващ. Абы ипкъ иткІэ дэ къаланэ зыхуэдгъэувыжащ жыгыщІэхэр гектар 1600-м щыхэтэсну. Абыхэм ящыщу гектари 100-р пасэу къызыпыкІэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу щытынущ. Иджыпсту дэ догупсыс пхъэщхьэмыщхьэ хъуманІэхэр зэрыгущІыну щыкІэм. Абы и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щапхъэ зытепхын куэд щыІэщ. Иджырей пхъэщхьэмыщхьэ хъуманІэхэр ухуэнымкІэ фи республикэр къэралым щыпашэ щІыналъэхэм ящыщщ. Абы къыхэкІыу фи щапхъэмрэ фи дэІэныкъуныгъэмрэ хуабжьу сабэп къытхуэхъуну си гугъащ».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм хьэщІэр къигъэгугъащ ди мэкъумэшыщІэхэм гъунэгъу щыналъэм и къуажэдэсхэм зэрахуэзфІэкІкІэ зыщІагъэкъуэну хьэзыру зэрыщытымкІэ. «Дэри Дагъыстэным и мэкъумэшыщІэхэм хадзэкІкІэр, Іэщ гъэшыфІэхэмрэ мэлымрэ зэрызэрахьэм дыкІэлъоплъ икІи абы сэбэныначъ зыпылъ куэд къыхьидох. Дэ зэхэх имыІэу дыздэлэжьэну къытпэщытщ, сыту жыпІэмэ псomи ди къалэныр ерыскъыу и лъэныкъуэкІэ къэралым и щынагъэншагъэр къызэгъэпэщыныр», - къыхигъэщхьэхуКІащ Дадэ МуІэед.

ЗэІуцІэм щызэгурыІуащ мэкъумэш Іэнатіэм зэхьэлэуэ зэрызэдэлажьэм нэхъри зрагъэубгъуну икІи абы теухуа зэгурыІуэныгъэ щхьэхуэ ягъэхьэзыру Іэ щІадзыну.

Я цІэхэр мыкІуэдыжын фэеплъу къытхуэнащ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 зэрырикъур Аруан щІыналъэм и жылагъуэ псоми Іэтауэ щагъэлъэпІащ. Къэралмыхьэнэшхуэ зиІэ мы Іуэхум районым и дэнэ щІыпІи пасэу зыщыхуагъэхьэзырати, накъыгъэм и 8-м зэІущІэшхуэхэр зэхашэри, пэкІуэхэмрэ парадхэмрэ щрагъэкІуэкІащ, хэкІуэдахэм я фэеплъыр щагъэлъэпІащ.

ХЭКУ ЗАУЭШХУЭМ и ветерану щІыналъэм щыпсэужьыр пщыкІубгъу къудейщ. Районыр, къалэ, къуажэ администрацхэр, Іуэхущ Іапі Іэхэр зэпымыуу абыхэм яКІэлъоплъ, зыри хуагъэныкъуэркъым. Я псэупІэхэр кІыхьхуэтыншэу хуэзрагъэпэщыж, хуэзрахьэ, кІыхьзырыгуэКІ ремонт хуащІ, унагъуэ хьэпшыпхэм хуагъэныкъуэркъым. Аруан муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэт кІыхьзригъэлъэгъуэмкІэ, иджыри кІыхьдэсым а нэхъыжьыфІхэр я гулъытэ щагъэщІакъым. Еджакіуэхэр зи закъуэхэм, зыльэмыкІыжхэм якІэлъэплъащ, ерыскъы хуахьащ, тыгъэхэр хуащІащ, я пщІантІэхэр хуэзщІакъуащ, я пэшхэр хуэзлъыІуахащ. Нэхъ лъэрытетхэр класс сыхьэтхэм ирагъэблагъэурэ, еджанІэхэм щагъэлъэпІащ. Республикэмрэ районымрэ я ветеранхэм я советхэм, я Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я жэрдэмкІэ, Урысейм и МВД-м и «Аруан» щІыналъэ зэхуаку къудамэм Іуэхугъуэ гукъинэжхэр щрагъэкІуэкІащ. Ветеранхэмрэ абы и лэжьакІуэхэмрэ я зэІущІэм и ужькІэ, хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр зэгъусэу траліъхьащ, Мамай Іуащхьэмрэ Курп лъагапІэхэмрэ къызэдраха щІыр удз дахэ гъэтІысыпІэхэм тракІутащ. Хабзэ зэрыхъуащ тету, «Стандарт спирт» ООО-ми ветеранхэр щагъэлъэпІащ, хэкІуэда зауэлІхэм я фэеплъ Псынабэ къуажэм къыщызэІуахащ. Районым и жылагъуэхэм ящыщу а зырат иджыри къызэдэсым апхуэдэ фэеплъ зимыІар. Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьадинрэ щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэ Куэшей Азэмэтрэ ар къызэІуэзыхьэм яхэтащ.

Республикэм и ныбжьыщІэ реабилитацэ центрым щызэхаща «А илъэсхэм ди щхьэр яхудогъэщхь» жыхуиІэ зэхьхьэ гукъинэжым районым и «Гармония» клубым и «Точка зрения» литературэ зэгухьэныгъэм, «Эдельвейс» литературэ студием, Нарткъалэ и сабий гъэсапІэхэм, музыкэмкІэ и школхэм щыщхэр хэтащ. Пасэу щІадзэри, къалэмрэ къуажэхэмрэ я футбол джэгупІэхэм, щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъэт Іуэхущ Іапі Іэхэм спорт зэпеуэхэр къыщызэрагъэпэщащ. «Зарница» республикэ джэгум и щІыналъэ Іыхьэр езыгъэкІуэкІар Аруан районым и закъуэщ.

ЩІыналъэм и сымаджэщ нэхъыщхьэм и пщІантІэм ТекІуэныгъэм и аллее щагъэтІысащ, Іэшэпъашэр зэІуэзэпэщ ящІащ, жыгыщІэ зэмылІэужьыгъуэу 430-рэ, езы Нарткъалэ пхъэхуей 70 щыхасащ.

«ТекІуэныгъэм и ныпым и плъыр» урысейпсо акцэр зыубгъуауэ ирагъэкІуэкІащ. Егъэджэныгъэмрэ щэнхабзэмкІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, щалэгъуалэ советыр абы жыджэру хэтащ. Районым и библиотекэхэм ветеранхэм щаІущІащ, Хэку зауэшхуэм теухуа тхыпІь выставкэхэр къыщызэрагъэпэщащ.

ТекІуэныгъэм и махуэр къэблагъэ нэужь, накъыгъэм и 8-м куейм и жылагъуэ псоми пэкІухэр, парадхэр, концертхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щрагъэкІуэкІащ. «Полк уахьтынщэм» цІыху минхэр хэтащ. Мы Іуэхугъуэхэр зи нэгу щІэкІахэм ахэр гукъинэж зэращыхьунум щэч хэлъкъым. Сыту жыпІэмэ, нэпсрэ лъыкІэ гъэнщІауэ ди адэжьхэм къытхуахьа ТекІуэныгъэм и мыхьэнэмрэ и лъапІаръмрэ уасэншэщ икІи щІэблэм ар хуэсакъыу ахъунэ хуейщ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Иджыри куэдрэ ягу илъынущ

Совет Союзыр щытам лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэбзу щыпсэуахэр абы зэкъуигъэуват. ЦІыхухэм я фІэщ ящынур къащыгурымыІуэж мы зэманым мыхьэнэшхуэ зиІэу къэуващ мыгъэрей ТекІуэныгъэм и махуэр, Накъыгъэм и 9-р.

НЭМЫЦЭ фашист зэрыпхъуакІуэхэм 1941 - 1945 гъэхэм къыдащІыліауэ щыта зауэ гущІэгъуншэм Совет Армэр зэрыщытекІуэрэ илъэс 70 щрикъум ирырагъэхьэІа дауэдапщэхэр ди республикэм и жылагъуэ псоми щрагъэкІуэкІащ. Совет ЦІыхубэм а лъэхъэнэм зыІэригъэхьа ТекІуэныгъэ Иным а махуэм гулъытэ хэлэтыкІа щыхуащІа жылагъуэхэм, шэч хэмылъу, ящыщщ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэри.

А жылэм Накъыгъэм и 9-р Іэтауэ зэрыщагъэльэпІэнум и хъыбарыр дэ нэхъ пасэу зэхьдагъэхат. «Парад щекІуэкІынущ» щыжаІэм, тІэкІу егъэлеиІуауэ къытщыхъури, абы хэзгъадэ хъун гуэрым дыІуагъаплъэ мыхъумэ, нэгуэщІкІэ дащыгугъатэкъым. Арщхьэкіэ а махуэм и пщэдджьыешлэм Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм дыщыдыхьэм, дэ зэхэтщІащ мы жылэм дэсхэм я фІэщыпсу, совет лъэхъэнэм зэрыщытам ещхьу, зы Іуэхуущуэ дахэ гуэрым зэрызыкъуэхъуэхуар.

А гупсысэр къытпкърыуащ, Лэскэн ЕтІуанэм и кІыхьагъкІэ кІуэцІрыкІ гъэгу щхьэщыщхьэм къуажэкуэм деж хуэзэу щхьэщыукъуэдиикІа кІапсэ лэрыгъышхуэм жьым дэхуарзэу кІэрыщІа шар зэмыфэгъухэр къыщыттагъуми, администрацэр зыщІэс унэм и гупэ кІыт утыкум кІуэ пэтми нэхъыбэж щыхъу цІыхухэм я нэжагужагъм зыкъыщІригъэІэтэу, зауэм траусыхьауэ щыта уэрэд жьгъырухэр щызэхэтхми.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм дзэзешэхэр къызэрырашэкІыу щыта автомобилхэм хэбгъэдэну, бэракъ плъыжьхэр щхьэщыхуарзэрэ зэщІэлыдзэку машинитІ администрацэ бжэлупэм кІыльпэдащ. А тІум я зым ирагъэбыдыхьа магнитофоным увыІэгъуэ имыІэу кІыІукІыдт совет зауэлІхэр зэдзэкуэу къекІуэкІа уэрэдхэмрэ макъамэ нэжэгужэхэмрэ.

Тэлай дэкІри, къуажэкъум цІыхухэр нэхъыбэж щызэрыгъэхъуащ. Абдежьым дыздэщытым, дымышІэщІэгъуэн тхupлъэкІакъым Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэрахьэу щыта зауэлІ фащэхэм хуэдэ зыщыгъэхэм, балигъэхэм ныбжьыщІэхэми, я бжыгъэм кІуэ пэтми зэрыхъхъуэр.

«Зауэм хэта» машинэхэмрэ щыгухэмрэ, абыхэхэм къепщэкІа цІыхухэр ящыІэту, къуажэкІэмкІэ щрагъэзэныхьи, ди гугъащ махуэшхуэм иращІэкІыу «парад» зыфІаща гуфІэгъуэ зэхэзекІуэр а «ТІэкІымкІэ» зэфІагъэкІыну, «ари ирикъунти» жыхуэтІэу. Арщхьэкіэ, зы напІэ дэхьеигъуэм къриубыдэу дэ щыхьэт дытехьэащ лэскэндзэхэм я зэфІэкІыр куэдкІэ зэрынэхъ иным. КъызэрыщІэкІымкІэ, зи гугъу тщІы гуп машІэу ищхьэрэкІэ езыгъэзыхар а жылэм зыкъыщыщэхьуэзыхьну зекІуэм и «псыпэ» къудейуэ арат. Абыхэм ящхь иту къызэрыкъуэха цІыхухэр апхуэдизкІэ куэд зэрыгъэхъуати, ар зыльагъу дэ зыхуэтхьынур дымышІэу ди пІэ дижьыхат.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Иджыпсту Алыджым тельщ еврэ мелард 312-рэ хуэдиз. Фондым и щІыхуэхэр зы маззм кърибыдэу ипшынэжьыну и гугъэщ къэралым. Ауэ, экспертхэм зэрыжаІэмкІэ, апхуэдизкІэ щІыхуэр зэуэ итыжмэ, Алыджым къыхуэнакъым пенсэхэмрэ лэжьапщІэхэмрэ цІыхухэм зэраритын ахъшэ.

НОБЭ

♦Адыгэ Республикэм щагъэльапІэ унагъуэм и махуэр

♦Осетие Ищхьэрэ - Аланиэм щагъэльапІэ осетиныбзэмрэ литературэмрэ я махуэр

♦1935 гъэм Москва и метром лэжьэн щІидзащ - «Сокольникиу» - «Парк культуры» линэм ялэ мафІэгур икІуащ.

♦1942 гъэм 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр лъэпкъ шууей дивизэр зауэм кІуащ.

♦1945 гъэм Югославием и дзэм ихуащ къэралыр нэмыцэ зэрырпхъуакІуэхэм къаІэщІэгъэкІыжьын.

♦1955 гъэм СССР-м, Инджылызым, Франджым, США-м, Австриием Венэ Іэ щытрадзащ Австриием и къэралыгъэр зэфІэгъэувэжьын, ар демократиэ хабзэхэм тет къэралу зэрыщытынум теуху зэгурыІуэныгъэм.

♦1965 гъэм къызэрагъэпэщащ СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием Хьэрш къэхутэныгъэхэмкІэ и институтыр.

♦Шэрджэс тхакІуэ **Темыр Сэлихь** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артист **Іэхъуэджакіуэ Мэжид** къызэралъхурэ илъэси 101-рэ ирокъу.

♦Драматург, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Акъсырэ Залымхъан** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, драматург, КъБР-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дудар Хьэутий** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

♦Урысей композитор, Совет Союзым и цІыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Эшпай Андрей** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦КъБР-м и цІыхубэ артист, режиссёр **Шэрыпіужь Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦ТхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ лэжьа **Кьамбий Зуфар** къызэралъхурэ илъэс 80 ирокъу.

♦УФ-м щІыхь зиІэ и артистка **Светличная Светланэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Техникэ щІэныгъэхэм я доктор, РАЕН-ми ЩІДАА-ми я академик, РАН-м и Къэбэрдей-Балъкъэр центрым и тхьэмадэ **Иуан Пётр** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Дыщэкі Артур** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІыу щыщытынущ, Хуабэр махуэм градус 20 - 22-рэ, жэщым градус 12 - 14 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Кирби Джон и Іэнатіэщ Іэр

США-м и Къэрал департаментым и лыкІуэу ягъэуващ контр-адмирал Кирби Джон. Апхуэдэу жиІащ Америкэм и къэрал секретарь Керри Джон.

Журналистхэм я упщІахэм ярит жэуап мыхьэнэншэхэмкІэ Дунейм щІэрыІуэ щыхъуэ Псаки Джейн и пІэ ивуаэ аращ Кирби. УФ-м и Къэрал Думэм Дунейпсо Іэхэхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Пушков Алексей зэрыжиІамкІэ, Псаки щІыэзрахьэкІам и щхьэусыгъуэр «гурыІуэгъуэ, Іэхъум зэрыхащІыкІыр наІуэу псэлъэфын езым и лІыкІуэхэм зэрахэмыітыжым» Унэ Хужьыр зэрыригъэзэшарщ. Кирби Джон апхуэдэ дагъуэ зэримыІэм шэч къытрахьэркъым.

Еврэ мелард 312-рэ щІыхуэу итыжмэ

Алыджым Дунейпсо валютэ фондым вэсэмахуэ иритыжащ тельщІыхуэм щыщ Іыхьэшхуэ - еврэ мелуан 750-рэ.

● Нобэ Унагъуэхэм я дунейпсо махуэщ

Къэралыр зыгъэбыдэр унагъуэрщ

Унагъуэхэм я дунейпсо махуэр накъыгъэм и 15-м гъэлъэпІэнкІэ ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм къыщтауэ щыташ.

АБЫ ЩХЬЭУСЫГЪУЭ хуэхъуар, дауи, унагъуэр гъэбыдэныгъ, и зыужьныныгъэм хэлІыфІыхьныныгъ, и псэукІэр егъэфІэкІуныгъ. Дауэ мыхъуми, унагъуэр жылагъуэм лъабжьэ хуэхъу кІаруащ. Унэр чырбыш зырызу зэрыІэтлъым хуэдэу, унагъуэ мелуан бжыгъэхэрщ къэралыр къэзыгъэщІыр. ИкІи а унагъуэм и лъэщагъэ зыхуэдэрщ къэралыгъэм и псэукІэри, и гуащІэри зэлъытар. ИгъащІэ къандэрэ къэралым и зэІуэхэпщныгъэр къызэралъытэу щытар абы исхэр зыхуей зэрыхуэзэмрэ къэрал унафэщІхэм щІыхуэхэм хуащІ гулъытэмрэщ.

КъищынэмыщІауэ, унагъуэр щІыхуэм и хъугъэфІыгъуэ псори щахъумэ абгъэщ, нэхъыжьхэм я хабзэхэр нэхъыщІэхэм яхъэлъпхьэщ.

Накъыгъэм и 15-м махуэшхуэхэр къыщызэрагъэпэщ къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм. Жьыри щІэри гушхуэу хэтщ абы, я фыр яІэтрэ я гуныкъуэгъуэхэр щаІуатэу. А махуэм ирихьэлІэу къызэрагъэпэщ щІэныгъэлІ зэхуэмыдэхэм я зэІущІэхэр икІи унагъуэм и лъабжьэр нэхъ быдэ щыным, цІыхум и хуитныныгъэр, псэукІэр егъэфІэкІуэным и хэкІыпІэхэр абыхэм щабзыху.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● АПК

Сом мелуан 61-м щІигъу

Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэмрэ зэращылІаш федеральнэ бюджетым щыщ субсидиеу сом мелуан 61-м щІигъу республикэм хуэхъуным теухуа зэгурыІуэныгъэ.

АР, ЛЫШХУЭ зыщІ Іэщ Іэвыщ Іэри хэту, Іэщ лъэпкъыфІхэр егъэфІэкІуэным и Іуэхум халъхьэнущ. ЩІэжьей къызыщІэхъуэ жэм лъэпкъыфІхэр зезыхьэ хозяйствэхэм апхуэдэ Іэмалкіэ къэралым защІегъакъуэ.

КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм Іэщ гъэхъунымрэ былым пэлъпкъыфІхэм зегъэужьынымкІэ и къудамэм и унафэщІ Шыбзыхьуэ Руслан зэрыжиІамкІэ, ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэбагъуэ былым лъэпкъхэм я генетикэ фондыр ирегъэфІакІуэ, Іэщым хъеру къытым хегъахъуэ.

- Нэгъабэ гъэшу тонн мин 461,5-рэ къэтшащ. Иджы республикэм езым абыкІэ зыкъызэрегъэпэщыжьф, - къигъэлъэгъуащ къудамэм и нэхъыжьым.

Губгъуэ лэжьыгъэхэм заубгъу

Республикэм и мэкъумэшыщІэхэм гъатхасэ къэкІыгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ щым халъхьэ. Районхэм къратыкІ бжыгъэхэм ятепщыхьымэ, накъыгъэм и 13-м ирихьэлІэу гъатхасэ къэкІыгъэхэр гектар мини 114-м щытрасащ. Ар планкІэ къапэщытым и проценти 108-рэ мэхъу.

ХЬЭЦІЭПЭЦЭР, джэшэкІхэр гектар мин 70-м щІигъум, кІэртІофыр гектар мин 11-м, хадзэкІхэр гектар мин 15-м щыхасащ. Ауэ иужьрей тхьэмахуэ зэхуакуитІщыр уэлбанэу зэрекІуэкІым къыхэкІыу нэгъабэ елъытауэ гъатхасэр тІэкІу нэхъ кІыхьлІыхь хъущ. Апхуэдэу щыт пэтми, уэшхри иджыпсту сабэпыщхуэщ, сыту жыІэмэ къэкІыгъэхэм адэкІэ нэхъ псынщІэу зауэкьынущ.

МэкъумэшыщІэхэм иджыпсту щыуэфІ дэтхэнэ зы сыхьэтри къагъэсэбэпу мэлажьэ икІи агротехникэм къигъэув пІальэхэм ахэр къыкІэрыхуэркъым.

САМЧЕНКЭ Светланэ,
КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

2015 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къаІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ трегъэдзэнымкІэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу накъыгъэм и 14 - 23-хэм къэралым ящыщІэрагъэпэщ махуищ Іуэхур теухуащ газет, журнал щхьэхуэхэм я уасэм кІэрыгъэхуным. А лъэхъэнэм республикэм связымкІэ и Іуэхущ Іапі Іэ псоми къэралым, апхуэдэу республикэм къыщыдзкІ газет, журнал щхьэхуэхэм нэхъ пуду Іэ щыщІэвдз хъунущ.

КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэмкІэ и управленэ.

Транспортым теухуа зэІущІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкІэ и къэрал комитетым и унафэщІхэм ЩІэдзэм муниципальнэ щІыналъэм щыпсэуахэр ирагъэблагъэ 2015 гъэм накъыгъэм и 15-м сыхьэт 15-м район администрацэм и унэм щрагъэкІуэкІну зэІущІэм. Абы щытепсэльыхьыжынущ мы районым хьихьэ жылагъуэхэм дэсхэр пассажир транспорткІэ къызэрызэгъэпэщам, абы и лэжьыгъэр зэфІэкІыным.

КъБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министерствэ.

● Хъыбар гуапэ

Москва кІуэ гупым яхэтщ

Ди къэралым мы гъэм Іэтауэ щагъэлъэпІэнущ Пионерием и махуэр. Ар тохуэ накъыгъэм и 19-м. А махуэм Москва пионерым щыхагъэхьэнущ къэралым и ныбжьыщІэ нэхъыфІхэр: еджэным щызыІэрагъэхьэ ехъулІэныгъэхэмкІи ябгъэдэлъ гъэсэныгъэмкІи адрейхэм щапхъэ яхуэхъу щыкІуэкІ.

БАХЪСЭН щыналъэ администрацэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ Чылар Аринэ хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, Пионерием и махуэм ирихьэлІэу ди республикэм нкІыу Москва кІуэну гупым яхэтщ а районым щылажьэ школхэм я еджакІуиплІ. Бесльаневй Заринэ, ХьэкІащэ Элизабет, Шыбзыхъуэ Мыхьмуд, Джэрыджэ Радэ сымэ пионерым щыхьагъэхьэнущ къэралым и щыхэрым.

Щалъхуа щІыналъэр, Хэкур фІыуэ яльагъуну, абыхэм я къыщхьэщыжакІуэу, хъумакІуэу щытыну, еджанми, лэжьыгъэми, жылагъуэ Іуэхухэми щыпэрытыну тхьэрыІуэ ятэ нэужь, ныбжьыщІэхэр пионер зэгуэхьэныгъэм хагъэхьэнущ. Абыхэм я щІэхэм галстук пльыжьхэр ящІадалъхьэнущ КПРФ-м и пашэ Зюганов Геннадий-рэ адрей коммунист цІэрыІуэхэмрэ.

ТАМБИЙ Линэ.

Лъэпкъ Іуащыгъэ:

Шым ехуэхьм ныбэпхым трелъхьэ.

● Узыншагъэ

Иджырей Iэмалхэр я лэжьыгъэм къыщагъэсэбэп

Налшык къалэ дэт Кардиологие центрым щекIуэкIащ «КъБР-м и кардиологие IэнатIэр: блэкIар, нобэр, къэкIуэнур» щIэныгъэ-практикэ конференц. Ар траухуащ мы гъэр гу-лъынтхуэ узыфэхэм я илъэсу зэрагъэувам.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Урысейм Медицинэ щIэныгъэхэмкIэ и академием и академик, Мясников А. Л. и цIэр зезыхьэ клиникэ кардиологиемкIэ институтым гу-лъынтхуэ узыфэхэмкIэ и хирургие къудамэм и унафэщI Акчурин Ренат, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шэт Ирмэ сымэ.

- Иджырей технологиехэр къагъэсэбэпурэ ди Кардиологие центрым операцэ хьэлъэхэр ехъулIэныгъэ яIэу щащI, - жиIащ Шэт Ирмэ. - Узыншагъэр хъумэнымкIэ щыIэ программэ щхьэхуэхэм я фIыгъэкIэ центрыр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ хъарзынэу къызэгъэпэщащ. Иджыблагъэ къаIэрыхьащ ангиограф. Абы и фIыгъэкIэ гу-лъынтхуэ узыфэхэр зиIэ сымаджэхэр нэгъуэщI къалэхэм дымыгъакIуэу иджы ди деж операцэ щащIыфынущ.

Кардиологие центрым и дохутыр нэхъыщхьэ Щэрдан Нодар тепсэлъыхьащ я IуэхущIапIэр къызэрызэIуахауэ щытам, абы игъуэта зыужьыныгъэхэм. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, Кавказ Ищхъэрэм япэу Кардиологие центр къыщызэIуахар Налшык къалэрщ.

- Дохутыр цIэрыIуэ Чазов Евгений Iуэхур къадиIыгъри, I98I гъэм центрыр къызэIуахауэ щытащ, - жиIащ Щэрданым. – А зэманым щегъэжьауэ кардиохирургие IэнатIэм зэхъуэкIыныгъэ куэд щекIуэкIащ. Нобэ медицинэм щIэуэ къыхыхьэ дэтхэнэ зы Iэмалми зэрызыщыдгъэгъуэзэным дыхущIокъу. Иджырей технологиехэр къэдгъэсэбэпкIэрэ гу къуэпсхэм стентхэр игъэувэнымкIэ, электрокардиостимуляторхэмкIэ гур гъэлэжьэнымкIэ операцэхэр идогъэкIуэкI. Апхуэдэ Iэмэпсымэхэм я фIыщIэкIэ ди деж гъэ къэс операцэу 500-м нэблагъэ щащIыфынущ.

Кардиологие центрым рентген-хирургие IэмалхэмкIэ узыр къыщахутэ икIи щагъэхъуж и къудамэм и унафэщI Борыкъуей Ислъам жиIащ ангиографыр зэрагъэуврэ дэкIа мазэм къриубыдэу инфаркт узыфэм цIыху 57-рэ къызэрырагъэлар. Апхуэдэу абы щапхъэхэр къиихьурэ тепсэлъыхьащ я деж къаша сымаджэ хьэлъэхэм зэреIэза щIыкIэхэм.

- Ангиографым икъукIэ дыхуэныкъуэт, абы и фIыгъэкIэ операцэ хьэлъэхэр, гугъухэр ди деж щытхуэщIынущ, - жиIащ Борыкъуейм. - «Гур узыншэу хъумэным дрителъхьэщ» къыхуеджэныгъэм дытету ди лэжьыгъэр идохьэкI.

Акчурин Ренат тепсэлъыхьащ Гу хирургиемкIэ иджырей технологиехэр я клиникэм къызэрыщагъэсэбэпым, операцэ ящIа сымаджэхэм ягъуэтын хуей медицинэ хуэIухуэщIэхэм.

- Кардиоцентрым и лэжьыгъэр хъарзынэу зэтеублащ, зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI щIалэгъуалэ фиIэщ, адэкIэ гупыр фызэкъуэту IэнатIэм зевгъэужьын хуейуэ аращ, - жиIащ Акчурин Ренат.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Я цIэхэр мыкIуэдыжын фэеплъу къытхуэнащ

(КIэухыр ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Накъыгъэм и 8-м Джэрмэншык къуажэм щызэхаша гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэм зи лъэ вакъэ изылъхьэу жылэм дэсыр хэтащ жытIэкIэ пцIыупс дыхъуну къыщIэкIынкъым. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, къэзыгъэзэжу яхуэпсэужахэм, хэкIуэда зауэлIхэм я щхьэгъусэхэм я цIэхэр дыщэпскIэ зытетха фэеплъхэр зыдэт школ пщIантIэм, зэраубзыхуам тету, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м ТекIуэныгъэ Иным и махуэм хуагъэпса гуфIэгъуэ пэкIур къыщызэIуахащ. Класс нэхъыжьхэм щIэсхэм Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм я къэрал ныпхэр, еджапIэм и ныпыр лъагэу яIэтырт, нэхъыщIэхэм нып плъыжь цIыкIухэр ягъэбырыбырт, шар гъэпщахэр ягъэджэгурт, зауэ лъэхъэнэм яуса уэрэдхэм мамырыгъэм и лъапIагъэр зыхыуигъащIэрт.

ПэкIур иригъэкIуэкIащ курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Джыназ Майе.

- Пщэдейрей махуэ лъапIэмкIэ, ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ псоми сынывохъуэхъу. ЩремыIэж дяпэкIэ апхуэдэ гуIэгъуэ. Хэку зауэшхуэ екIуэкIам кърикIуам и мыхьэнэр ди къэралым и дежкIэ пхуэмыIуэтэщIыным хуэдизу инщ. Ди цIыхухэм абы лIыгъэ щызэрахьам и мызакъэу, ар икIи тхыдэ псом нэхъапэм зэи къыщымыхъуа гъэунэхуныгъэшхуэт. ТекIуэныгъэ къытхуэзыхьа нэхъыжьыфIхэм, фронтым хуэлэжьахэм дыщIэгушхуэн щапхъэфI къызэранэкIыну яхузэфIэкIащ. Абыхэм я фэеплъхэм ди щхьэр лъахъшэу яхудогъэщхъ. Ди адэшхуэхэм я хахуагъэм и фIыщIэкIэ, нобэ къэрал щхьэхуитым мамыру дыщопсэу. Дэри щIэблэми ди къалэнщ нэхъыжьхэм я псэр зыщIата Хэкум и зэкъуэтыныгъэр тхъумэну, абы и щIыхьымрэ и зэфIэкIымрэ дгъэбэгъуэну, ди щIыналъэ гъуэзэджэм зедгъэузэщIыну. Зауэ гущIэгъуншэм и нэпкъыжьэ зытримыдзауэ ди къэралым зы унагъуи искъым. Аращ фIыщIэри гуауэри зыхэтщIэу а махуэр щIэдгъэлъапIэр, зэуапIэ губгъуэм къинахэр дигу къыщIэдгъэкIыжыр, хэкIуэдахэм я фэеплъ нэхур дапщэщи щIытщIыгъур, - къыхигъэщащ Джыназ Майе зэIущIэр къыщызэIуихым.

ХэкIуэдахэм дакъикъэкIэ яхуэщыгъуа нэужь, Аруан муниципальнэ щIыналъэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт псалъэ къыIихащ:

-ПщIэ зыхуэтщI джэрмэншыкдэсхэ, жылэм и хьэщIэхэ! ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 70 юбилеймкIэ си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу. Зауэм и мафIэ лыгъэм кIуэцIрыкIа, къэмылэнджэжу бий ерум пэщIэта, гъащIэмрэ щхьэхуитыныгъэмрэ тхуэзыхъума ди ветеранхэм лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ я дамыгъэу мы махуэр игъащIэкIэ къадекIуэкIынущ. А гъэунэхуныгъэ хьэлъэр зыгъэва, Хэкур зыхъума, дуней псор пщылIыпIэм къыIэщIэзыха нэхъыжьыфIхэм я щIыхуэшхуэ зэрыттелъыр зэи тщыгъупщэнукъым. Бийм япэщIэува фи щIали 176-м ящыщу къэзыгъэзэжар 81-рэщ. ХэкIуэдахэм зэрахьа лIыгъэр тхыжыным, я фэеплъыр хъумэным теухуауэ фи къуажэм лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIым дыщыгъуазэщ. БлыщI гъэхэм колхозым и мылъкукIэ лIыхъужьхэм фэеплъ екIу яхуэвгъэуващ, къыкIэлъыкIуэу къызэIуфхащ зи щхьэр хэзылъхьа фи щIалэхэм я цIэхэр зытет мемориал пхъэбгъу, иужькIэ, илъэс зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, къэзыгъэзэжахэм я цIэхэр тету апхуэдэ фэеплъ евгъэщIащ. КъищынэмыщIауэ, хэкIуэда зауэлIхэм я щхьэгъусэхэми фэеплъ яхуэвгъэжащ. ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ нобэ къызэвгъэпэща зэIущIэшхуэр гукъинэж зэрыхъунум шэч къытесхьэркъым. Псом хуэмыдэу, къытщIэхъуэ щIэблэм я дежкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ. Гугъу зыщIевгъэхьыр хэкIуэдахэм, къытхуэкIуэжу тхуэпсэужахэм, зауэ гущIэгъуншэм фызабэ ищIахэм я псэр гъэтыншыныращи, Тхьэм псапэу къывитыж. КъызэгъэпэщакIуэхэм, ветеранхэм я советым фIыщIэ яхузощI. Фи IуэхущIафэр ныбжьыщIэхэм я дежкIэ щапхъэфIщи, ар дерс хъарзынэ зэрахуэхъунур ди фIэщ мэхъу. Иджыри зэ ТекIуэныгъэм и махуэ лъапIэмкIэ сынывохъуэхъу. Фызэхуэузыншэу фефIэкIуэну си гуапэщ! - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм и мыхьэнэр щIагъэбыдэу, зауэ зэманым, абы иужь лъэхъэнэм яуса усэхэм школакIуэхэр къеджэрт, ди цIыхухэм къакъуэкIа лIыгъэр къэзыIуатэ уэрэдхэр жаIэрт.

- ЩIалэгъуалэ узыншэ диIэщ, щIэблэ дахэ къытщIохъуэ. Ахэр щытлъагъукIэ гури псэри мэгуфIэ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэда нэхъыжьыфIхэм я фэеплъыр илъэс къэс къыддагъэлъапIэ. Иджыри аращ, мы пэкIум куэду кърихьэлIащ, ТекIуэныгъэм и махуэм хуэдгъэхьэзыра гуфIэгъуэ Iуэхугъуэхэм, спорт зэхьэзэхуэхэм жыджэру хэтынущ, я зэфIэкIым дыкIэлъагъэплъынущ. Зи псэр зыта джэрмэншыкдэсхэр зыщагъэгъупщэркъыми, Тхьэм заригъэузэщI. ТфIэкIуэдахэр ягу къагъэкIыжыну, абыхэм я фэеплъыр ягъэлъэпIэну мы пэкIум зыкърезыгъэхьэлIа псоми ТекIуэныгъэ Иным и махуэ лъапIэмкIэ сохъуэхъу. Дэтхэнэри Тхьэм иригъэфIакIуэ, хущIигъэхьэ, я мурадхэм лъигъэIэс, - къыхигъэщащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Жэрыщты Олег къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIу.

Джэрмэншык къуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ ЛIуп Нурхьэлий я жылэм и тхыдэм теухуауэ 2003 гъэм къыдигъэкIа тхылъыр зэуапIэ губгъуэм къинахэм, зи насып къихьу къахуэкIуэжахэм, хэкIуэдахэм я щхьэгъусэхэм зэпкърыхауэ топсэлъыхь, а зэман хьэлъэр нэгум къыщIегъэхьэ.

- Инми цIыкIуми зэуIуу дгъэлъапIэ мы махуэм и мыхьэнэр пхуэмыIуэтэщIынщ. Урысейм и мызакъуэу, СССР-м хыхьэу щыта къэралхэми, советыдзэм фашизмэм и пщылIыпIэм къыIэщIиха хамэ къэралхэми я дежкIэ ар хуабжьу лъапIэщ. Ди республикэм и цIыху мин плIыщIым щIигъум я псэр ятащ. Хэкур псэзэпылъхьэпIэм щихуэм ди жылэм щыщу щIали 176-рэ фронтым кIуати, 95-р мафIаем хисхьащ. Ажийхэ, Дзагуэхэ, Жэрыщтыхэ, КIужхэ, Мэзхэ, ХъутIатIхэ ящыщу зы адэ-анэм къилъхуауэ зэкъуэш тIурытI, Соблырхэ - зэшищ, Шыджынэхэ - зэшиплI яфIэкIуэдащ, цIыхубз 55-рэ фызабэу, сабии 119-рэ зеиншэу къэнащ. Ди щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэр зытахэр нэхъыжьхэми щIэблэми зэи ящыгъупщэнукъым, сыту жыпIэмэ, ахэр уахътыншэщ. Тхыдэр къизытхыкIыжыну хущIэкъухэр къэунэхуащ, ауэ сыт хуэдизу емылIалIэми, пэжыр яхуэгъэпщкIунукъым, ди зауэлIхэм зэрахьа лIыгъэр дуней псом и дэнэ щIыпIи щаIэтынущ. Къэпсэлъахэм къызэрыхагъэщащи, ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 25-рэ щрикъум ирихьэлIэу колхозым и ахъшэкIэ едгъэщIауэ щыта фэеплъыр нобэ ягъэувам хуэдэу щIалэщ, бжьыфIэщ, ари иужькIэ къызэIутхахэри егугъуу, къабзэу зэрахьэ. Нобэрей Iуэхур мылъкукIэ къыддэзыIыгъахэу Семэн Аслъэн, Тумэ Рашид, Ажий Валерэ, ЛIуп Аслъэн сымэ дахуэарэзыщ. Я жылэр ящымыгъупщэу фIым толажьэри, Тхьэм яхущIигъэхьэ. ТекIуэныгъэм и махуэ лъапIэмкIэ псоми сынывохъуэхъу, Тхьэм апхуэдэ гузэвэгъуэ зэи къытлъимыгъэсыжкIэ, - захуигъэзащ и къуажэгъухэм ЛIуп Нурхьэлий.

НэгъуэщIхэри къэпсэлъа нэужь, жылэм и ефэнды Соблыр Исуф хэкIуэдахэм я псэхэр тыншын папщIэ, зэхуэсахэм дыуэ яригъэщIащ, еджакIуэхэр зауэм теухуа усэхэм къеджащ.

ЩIыналъэ, къуажэ администрацэхэм, ветеранхэм я советым, курыт школым, жылэм дэс коммунистхэм къабгъэдэкIыу фэеплъхэм удз гъэгъахэр тралъхьэри, парадым щIадзащ. Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым я къэрал ныпхэр, еджапIэм и ныпыр, хэкIуэдахэм я сурэтхэр яIыгъыу, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм, Лениным, Къашыргъэм я цIэкIэ щыIэхэм ирикIуэри, «УдоIэт, ТекIуэныгъэ!» уэрэдым и макъамэм щIэту, щежьа щIыпIэм екIуэлIэжахэщ.

Шэджагъуэм спорт зэхьэзэхуэхэм щIадзащ. Шэджэм мэзым и лъапэм шыгъажэ щрагъэкIуэкIащ, авто-ралли къыщыхалъхьащ, школ пщIантIэм футбол щыджэгуащ, кIапсэкIэ, IэпщэкIэ щызэпекъуащ, гырэ къэIэтынымкIэ щызэпеуащ. Щэнхабзэмкlэ унэм и гупэм «Кабардинка» къэфакIуэ ансамбль цIэрыIуэм щыщхэм, районым и уэрэджыIакIуэ пажэхэм, сабий садым и гъэсэн цIыкIухэм зыкъыщагъэлъэгъуащ. Зэхьэзэхуэхэр иуха нэужь, абыхэм къарикIуар зэхалъхьэжри, текIуахэр ягъэпажащ.

ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 70-м теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэшхуэр джэрмэншыкдэсхэм адыгэ джэгукIэ зэхуащIыжащ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Иджыри куэдрэ ягу илъынущ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къежьауэ къеххэм набдзэгубдзаплъэу дащыхэплъэм, гу лъыттащ «псы уэру» къызэрегъэбла иужьрей гупышхуэм хэтхэм я нэхъыбапIэр зэрышколакIуэм. Абыхэм ябгъурытащ я гъэсакIуэхэмрэ я егъэджакIуэхэмрэ.

Я лъэ щIэдзыкIэхэр зэдекIурэ я Iэхэр зэрыдыщIаупскIэри зэщхьыркъабзэу, къуажэку лъагапIэм къех цIыхухэр зрагъэлъагъуну жылэдэсхэр я куэбжэ дыхьэпIэхэм гуп-гупурэ къыIуувахэти, ахэри зы телъыджагъэ гуэрым пэплъэ фIэкIа умыщIэну, гуфIэгъуэ иныр я нэгум къищырт.

«Майм и 9», «ТекIуэныгъэм и махуэ!», «ИугъащIэ гъатхэ махуэшхуэм!» къыхуеджэныгъэхэр къызыкIэрыщ нып плъыжьыбзэхэмрэ шар зэмыфэгъухэмрэ дэнэкIи щыплъагъурт.

Гупыр къуажэкIэм щынэблагъэм зыкърагъэкIэрэхъуэкIыжри, къыздыщежьамкIэ яунэтIыжащ, а щIыпIэми щхьэдэхыжри, уэрэд зэпэдзыжхэр кърашурэ къуажапщэми гъунэгъу зыхуащIащ, нэмысипэ щIыкIи кърaIуэнтIэхыжащ. Псори къуажэкум къыщысыжым, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щызэхуэса нэхъыжьыфIхэм ТекIуэныгъэм и махуэм трауxуа пэкIур къызэIуахащ. А зэхыхьэм хэтащ Лэскэн щIыналъэмрэ Лэскэн II къуажэмрэ я администрацэхэм я унафэщIхэу АфIэунэ Аслъэнрэ Мэремыкъуэ Аслъэнрэ, Афганистаным щызэуа ветеранхэр, школакIуэхэр, нэхъыжьыфIхэр.

- Мы къуажэм щыщу Хэку зауэшхуэм цIыху 250-м щIигъу дэкIати, 130-м къагъэзэжакъым, - жиIащ совет лъэхъэнэм дзэм хэту Венгрием къулыкъу щезыхьэкIа, зи ныбжьыр илъэс 70-м нэблэгъа Уэркъуасэ Владимир. - МыдэкIэ къэнахэри икъусыкъужкIэ гугъу ехьащ. Апхуэдэ зауэ-банэ дяпэкIэ зымылъагъун мыбдежым щыт ныбжьыщIэ цIыкIухэри, абыхэм къащIэхъуэнухэри Тхьэм ищI!

ПэкIум къекIуэлIа школакIуэхэр Хэку зауэшхуэм теухуа усэхэм къеджащ. Къызэхуэсахэм удз гъэгъахэр фэеплъым и лъабжьэм щагъэтIылъащ. Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ яхуэщыгъуащ.

А махуэм и пщыхьэщхьэми, пшапэр зэрызэхэуэу, цIыхухэр аргуэру къуажэкум щызэхуэсащ. Гъуэгукум къыщызэрагъэпэща утыкум джэгушхуэ щызэхашащ. Сыхьэт 21-м щIадзэри, дакъикъэ 20-м и кIуэцIкIэ хьэрэкIытIэ щхъуэкIэплъыкIэхэр уафэгум драгъэуеящ. Абыхэм къагъэщI зэщIэпщIыпщIэкIэм цIыхухэр апхуэдизкIэ дихьэхати, уэшх мащIэри къазэрыфIэIуэху щIагъуэ щыIэтэкъым. Жылэдэсхэм иджыри куэдрэ ягу илъыну къыщIэкIынщ мыгъэрей накъыгъэм и 9-р - ТекIуэныгъэм и махуэр - мы къуажэм зэрыщагъэлъэпIа щIыкIэр.

Тхыгъэри сурэтхэри
КЪУМАХУЭ *Аслъэн ейщ.*

ТекIуэныгъэ Иныр ягъэлъапIэу

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и ветеранхэр накъыгъэм и 8-м и пщэдджыжьым щызэхуэсат Хэку зауэшхуэм зи псэр щызыта, мамыр гъащIэм я къалэн ягъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым, Налшык иIэ милицэ скверым итым, деж.

ТЕКIУЭНЫГЪЭ Иныр илъэс 70 зэрырикъум теухуа махуэшхуэ пэкIум хэтащ КъБР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министерствэм, къарузехьэ IэнатIэхэм я унафэщIхэр, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэр, Хэку зауэшхуэм хэтахэр, тылым щылэжьахэр.

- Нобэрей махуэшхуэр Урысейм исхэм я мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал куэдми я цIыхухэм ягъэлъапIэ. Совет къэралыгъуэм щыпсэуа дэтхэнэ унагъуэми лъэIэса зауэ гущIэгъуншэр ди Хэкум и ТекIуэныгъэкIэ иухащ. ФIыщIэ, пщIэ яхудощI ди сэлэтхэм Хэку зауэшхуэм и зэманым къагъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ, ди щхьэр яхудогъэщхъ куэдрэ зыпэплъа ТекIуэныгъэр зымылъэгъуахэм, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ зи псэхэр щIэзытахэм, - къыхигъэщащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор **Ромашкин Игорь** къызэхуэсахэм защыхуигъазэм.

Министрым къыхилъхьэри, хэкIуэда зауэлIхэм я фэеплъыр ягъэлъапIэу, къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымащ.

ТекIуэныгъэ Иным и мыхьэнэр зыхуэдэм, къэкIуэнур зей щIэблэр хэкупсэу къэгъэтэджыным гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэм къытеувыIащ хабзэхъумэ органхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я ветеранхэм я Советым и тхьэмадэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникыу отставкэм щыIэ **Думай Борис**, КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и унафэщI **Балъкъыз Валерэ**, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковникыу отставкэм щыIэ **Марченкэ Сергей** сымэ.

Къызэхуэсахэм фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэм я ветеранхэмрэ я лэжьакIуэхэмрэ а махуэ дыдэм хэтащ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и музей къыщызэIуахым. ЛентI плъыжьыр зэпаупщIащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэчрэ** хабзэхъумэ органхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я Ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думай Борисрэ**.

Республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я къежьапIэм, зыужьыныгъэм и тхыдэр щызэхуэхьэса музейр хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэмрэ республикэм щыпсэухэмрэ я щIэблэр зэпызыщIэу щытынущ.

- Музей къызэрызэIутхар ди министерствэм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэщ. Нэхъыщхьэр - хабзэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэр ди деж щызэхэзыубла цIыхухэм я фэеплъыр хъумэнырщ. Мы музейр фэри дэри ди фэеплъщ, - къыхигъэщащ **Тату Къазбэч**.

- Зи блэкIам щымыгъуазэ цIыхум къэкIуэну иIэкъым. Дэ ди къалэнщ хабзэхъумэ IэнатIэм зэрызиужьа щIыкIэр, ди тхыдэр щIэблэхэм ядгъэлъагъуну, яхуэтхъумэну, ахэр Хэкум и къуэ нэсу дгъэсэн папщIэ, - жиIащ Думай Борис.

Зэхыхьэхэр иухащ «Кхъужьей хадэ» санаторэм къыщызэрагъэпэща, гукъэкIыжхэмкIэ щызэдэгуэша «Зауэм хэтахэ, фи дамыгъэ лъапIэхэр зыхэфлъхьэ!» махуэшхуэ пшыхьымкIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Си дежкIэ щапхъэщ

● Дэ къытхуатх

Егъэджакlуэр гъащIэм и джакIуэщ, ущиякIуэщ. Аращ ди япэм иту цIыхугъэмрэ нэхугъэмрэ, нэмысымрэ хабзэмрэ, пэжыгъэмрэ лэжьыгъэмрэ дыхуэзыгъасэр, дыхуезыгъаджэр. Адэ-анэфIым хуэдэу, я гур, я псэр яхузэIухауэ щIэблэм яхэт егъэджакIуэщ Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм щыпсэу Щоджэн ФатIимэт Iэдэм и пхъур.

ФАТIИМЭТ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм къыщалъхуащ. Налшык егъэджакIуэ IэщIагъэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэр 1973 гъэм къиуха нэужь, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэм нысэ тхуэхъуащ икIи абы дэт курыт школым егъэджакIуэу уващ. ФатIимэт къуажэм къызэрыдыхьэрэ цIыхуфIщ хужаIэу, пщIэ къыхуащIу, гулъытэ, нэмыс къыкIэлъызэрахьэу къуажэм щопсэу.

«ЦIыхур цIыху щIыным темылажьэр сэбэпыншэщ» псалъэ Iущхэр зи гъащIэм и къыхуеджэныгъэ Щоджэн ФатIимэт сабийхэм гулъытэшхуэ яхуещI, хабзэ дахэ хэлъщ, акъылыфIэщ, жыжьэ кIуэцIроплъ, захуагъэмрэ цIыхугъэмрэ и гъуазэу мэпсэу. ЕгъэджакIуэм и зэфIэкIыр къызэрупщытэ хъуну Iэмалхэм ящыщу нэхъыщхьэр абы и гъэсэнхэм яIэ зэфIэкIырщ, иригъэдж предметхэм сабийхэр зэрыхущытырщ. Сабийм и бзэмрэ и акъылымрэ зригъэужьын папщIэ, абы Iэмал хьэлэмэт куэд къегъэсэбэп. Щоджэныр мызэ-мытIэу жыджэру хэтащ зэпеуэ хьэлэмэтхэм, и еджакIуэ цIыкIухэм япэ увыпIэхэр къахьу. Псалъэм папщIэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ республикэм щекIуэкI «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэм къыхэжаныкIащ абы и еджакIуэ цIыкIухэр. Щоджэн ФатIимэт 4-нэ «а» классым щригъэкIуэкIа урокыр зытеухуар ижь зэманым адыгэхэм я псэукIарат. Ди лъэпкъым и къекIуэкIыкIам, ахэр дэзыхьэхыу щыта IэщIагъэхэм, яхэлъа хабзэхэм убгъуауэ тепсэлъыхьа нэужь, ФатIимэ цIыкIухэм захуигъазэри, а псоми и къежьапIэ хъу «лъахэ» псалъэр къазэрыгурыIуэр жригъэIащ, ЩоджэнцIыкIу Нурий и «Лъахэ» усэм гукIэ кърыгъэджащ. Апхуэдэуи цIыкIухэм хэкум теухуа псалъэжьхэр къащIэжащ, я къуажэм гъэхуауэ тепсэлъыхьащ. Урокым щIэс сабийхэм я Iэпкълъэпкъым зригъэузэкъуэдиин мурадкIэ физическэ упражненэ зыбжанэ яригъэщIа нэужь, темэщIэм тепсэлъыхьащ Щоджэныр. ИужькIэ жыджэру зэпкърахащ адыгэ Iэщэ-фащэм хэлъ пкъыгъуэхэр, абыхэм зэреджэр зрагъэщIащ. КъэкIыгъэцIэхэм ятеухуа псалъэзэблэдзыр къащIэри, уэрэд, усэ дахэхэмкIэ урокыр зыхуащIыжащ. Мис апхуэдэ зэпеуэ хьэлэмэтхэмкIэ сабийм и къэухьым зрегъэужь ФатIимэт.

ЕгъэджакIуэм и дежкIэ нэхъыщхьэщ дэтхэнэ сабийми и насып тэмэму зэтеувэныр, гъуэгу пэжрэ IэщIагъэрэ къыхихыу лъэ быдэкIэ щIылъэм теувэныр. ФатIимэт сэ си дежкIэ лъапIэщ. Абы дэ дыхуиущиящ адэкIэ ди гъащIэм и шэсыпIэ хъунум.

ФатIимэт ноби мэлажьэ, зыпэрыт IэнатIэр игъэбжьыфIэу. Абы щыхьэт тохъуэ и лэжьыгъэфIым папщIэ абы къыхуагъэфэща щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. 2010 гъэм къыдэкIа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэр» тхылъым ихуащ егъэджакIуэ IэкIуэлъакIуэм и цIэр.

Куэдрэ гуапэу сигу къокIыж ФатIимэт сызэрырагъэджауэ щытар. Ноби си щапхъэщ си япэ егъэджакIуэр. Абы фIыуэ сигъэлъэгъуа егъэджакIуэ IэщIагъэр къыщIыхэсхари аращ.

Сохъуэхъу ФатIимэт узыншэу, гуфIэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ и бэу, и лъэужьым фIы кърикIуэу куэдрэ псэуну!

ЩОДЖЭН ФатIимэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.

ФIым къыхуезыджэ

ЕгъэджакIуэ - сыту къалэн куэд пыщIа а псалъэм. ЕгъэджакIуэм сабийр ирегъасэ цIыхур фIыуэ илъагъуу, нэхъыжьым пщIэ яхуищIу, нэхъыщIэм ядэIэпыкъуу. Гъэсэныгъэм и ужькIэщ щIэныгъэм епха къалэнхэр щигъэзащIэр. А къалэнхэр гъэзэщIэным хъарзынэу йохъулIэ ди республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфIхэм хабжэ, Шэджэм ЕтIуанэм дэт 2-нэ курыт школым урысыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Мулай Нинэ.

МУЛАЙ Нинэ Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм къыщалъхуащ. Ар къызыхэкIар егъэджакIуэ унагъуэщ: и анэри и адэри илъэс куэдкIэ школым щылэжьащ. Нинэ ехъулIэныгъэфIхэр иIэу еджащ, дыщэ медалкIи школыр къиухащ. Школ нэужьым ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и химико-биологие факультетым щеджащ. 1990 гъэм ар къиуха нэужь, Нинэ филологие факультетым щIэтIысхьащ икIи ехъулIэныгъэкIэ ари къиухащ. Нинэ илъэс 24–рэ хъуауэ щолажьэ Шэджэм ЕтIуанэ дэт курыт школ №2-м. 2004 гъэм къыщыщIэдзауэ абы квалификацэ нэхъыщхьэ иIэщ. Абы и лэжьыгъэфIхэм мызэ-мытIэу гу лъатащ школым и унафэщIхэм. ЕгъэджакIуэ нэхъыфIхэм я зэпеуэхэу 2008, 2012 гъэхэм екIуэкIахэм щытекIуащ Нинэ. Абы къыхуагъэфэщащ «2014 гъэм и егъэджакIуэ нэхъыфI» цIэри.

Мулайм и лэжьыгъэфIым и щыхьэтщ абы и гъэсэнхэм олимпиадэхэм, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм япэ увыпIэхэр къызэрыщахьыр.

Зэрылэжьа илъэсхэм къриубыдэу Нинэ классищ къыщIигъэкIащ, абыхэм дыщэ медалкIэ къэзыухауэ еджакIуипщI яхэтащ. Нинэ хузэфIокI и къалэныр фIыуэ игъэзэщIэну: еджакIуэхэм гъэсэныгъэ яхелъхьэ, я акъылым зрегъэужь, цIыхухэм зэрахэтыпхъэм хуеущий.

Школым урысыбзэр щезыгъэджхэм я методикэ зэгухьэныгъэм илъэс 15 хъуауэ и унафэщIщ Нинэ. Шэджэм районым щекIуэкI олимпиадэхэм, конкурсхэм я къэпщытакIуэ гупым хэтщ а егъэджакIуэ Iэзэр, и псалъэмрэ и щIэныгъэмрэ пщIэ ин хуащIу.

Зи къарури зэфIэкIри щIэблэм я зыужьыныгъэм езыхьэлIэ цIыху щыпкъэм ехъулIэныгъэ куэд иджыри иIэну ди гуапэщ.

АЖЭГЪУЕЙ Аксанэ,
КъБКъУ-м и студенткэ.